

State Road (SR) 5/US 1/Overseas Highway
soti nan Mile Marker (MM) 31.4 rive nan MM 31.5

No. Idantifikasyon pwojè a: 455624-1-52-01

FDOT KONPAS

FDOT pran angajman pou l asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan yo, biznis yo, ak vizitè yo pou satisfè bezwen transpò aktyèl yo ak bezwen transpò yo. Avantaj pwojè sa a genyen ladan yo:

KOMINOTE YO

- Amelyorasyon wout pou ede prezève popilasyon sèf zòn Key yo ki sou wout disparèt

REZILYANS

- Rebati sistèm griy pwoteksyon pou sèf nan zòn Key yo pou yo dire pi lontan e k ap mache pi byen pou pwoteje ni chofè ni bèt sovaj

SEKIRITE

- Rediksyon valè bèt sovaj ki pase sou wout yo ede evite kolizyon

DEVLOPMAN MENDÈV

- FDOT anplwaye kontraktè lokal yo nan yon efò pou bay kominote a benefis ekonomik pozitif

ENFÒMASYON SOU FÈMEN LIY

Travay ap fèt an faz pou redwi efè konstriksyon sou kominote a. Liy yo ka fèmen pandan lè sa yo:

- 8è diswa pou rive 6è dimaten, dimanch pou rive jedi.

Y ap fè machin pase sou espas ki genyen arebò lari a, ki va sèvi kòm wout nòmal pou machin pase pandan yon sèten tan.

Enfòmasyon sou fèmti liy yo pral afiche chak semèn sou sitwèb depatman an, www.southflroads.com.

TOUJOU METE SEKIRITE A PREMYE

Pou sekirite w ak sekirite lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondwi, mache oswa monte bisiklèt nan nenpòt zòn konstriksyon.

Pou enfòmasyon sou trafik an tan reyèl, vizite: www.fl511.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan.

Travay nan bò lari a pa p egzije yo fèmen kèk liy nan wout yo.

Yo pral redui limit vitès sou wout la a 35 mil alè tout tan.

ORÈ

Novanm 2025 - Prentan 2026

PRI KONSTRIKSYON AN

\$476,000

ZÒN PWOJÈ

Zòn Big Pine Key
Konte Monroe

Remak: Dat yo ka chanje.

KONTAKTE

FDOT Konsilan Espesyalis Sensibilisation Kominotè
Julie Brown | Julie.Brown@dot.state.fl.us | 305-927-1479

SWIV NOU



MyFDOT_Miami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR la pou mizajou pwojè

MIZAJOU: Mach 2026

